

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Hirup kumbuh jeung mekarna karya sastra teu leupas tina carita kahirupan sapopoé jeung pangalaman pangarangna. Sakumaha nu ditétélakeun ku Isnendes (2010, kc.10) yén sastra mangrupa prosés kréatif nu taya lian mangrupa imajinasi pangarang dina ngagelarkeun karyana. Salian ti imajinasi, sastra ogé nyaritakeun kajadian numutkeun pangalaman, boh éta pangalaman nu karandapan ku pangarang boh pangalaman nu katinggali ku pangarang. Dina pangalaman nu dicaritakeun ku pangarang, réa nyaritakeun pasualan ngeunaan wanoja, pasualan ngeunaan wanoja téh ngirut pikeun dicaritakeun dina karya sastra, ku kituna karya sastra nu ngaguar ngeunaan wanoja kudu diungkab jeung diinformasiikeun ka masarakat sangkan wanoja di masarakat miboga pangaweruh nu hadé ngeunaan citra nu aya dina dirina.

Citra hartina gambaran atawa ciri has, nu disebut citra wanoja nyaéta mangrupa gambaran atawa ciri has wanoja. Watesan wangenan citra wanoja nyaéta minangka sakabéh wujud gambaran méntal, spiritual, jeung paripolah sapopoé wanoja, boh éta citra diri nu ngawengku fisik jeung psikis, boh citra dina aspék sosial nu ngawengku dua peran nyaéta peran di kulawarga jeung peran di masarakat (Arzona spk., 2013, kc.105).

Pasualan wanoja di jaman kiwari, nyaéta dianggap jalma nu lemah jeung émosional. Lemah di dieu bisa dina fisik, psikis, ekonomi, sosial atawa kalungguhan. Ieu hal saluyu jeung nu ditétélakeun ku Nafsin jeung Mifta (dina Arzona, 2013, kc.104) yén wanoja hirup di tengah-tengah pasualan nu pelik, éta pasualan ngabalukarkeun leungitna kasaimongan, nu tuluy wanoja ngalaman kateutingtriman dina dirina nu antukna mangaruhan kana citra wanojana. Salian ti nyanghareupan kateutingtriman nu dialaman, wanoja ogé réa diapilainkeun dina kalungguhan jeung ékonomi nu dimeunangkeunana, sakumaha éta hal téh diébréhkeun ku (Djajanegara, 2000, kc. 6) yén dina widang ékonomi sabagian lapangan pagawéan ditutup pikeun wanoja kitu deui dina widang sosial hak-hak wanoja kawatesanan, wanoja teu dibéré

kasempetan pikeun meunangkeun atikan nu luhur, miboga kalungguhan-kalungguhan nu tangtu atawa neuleuman profési-profési nu tangtu. Padahal enas-enasna mah wanoja miboga hak pikeun sarua jeung kaom lalaki boh éta dina ékonomi nu dicangkingna, kalungguhan jeung atikanna nu luhur, boh dina cara wanoja nyanghareupan atawa matotoskeun pasualan nu karandapanna, ku kituna ieu pasualan téh penting pisan pikeun ditalungtik sarta diébréhkeun dina ulikan féminisme.

Pamarekan atawa tiori nu raket jeung pasualan wanoja nyaéta tiori féminisme. Nurutkeun Humm (dina Wiyatmi, 2012, kc. 12), féminisme nyaéta nyambungkeun sasaruan hak pikeun wanoja nu mana bakal jadi gerakan nu ka piara pikeun ngahontal hak asasi wanoja, ku hiji idéologi transformasi nu miboga tujuan pikeun nyipta dunya pikeun wanoja, satuluyna Humm nandeskeun yén féminisme mangrupa Idéologi ngabébaskeun wanoja ku kayakinan yén wanoja ngalaman kateuadilan kusabab wanda bagana. Salian ti féminisme dina ieu panalungtikan diguar ogé struktur carita dina hiji novel, nu ngagunakeun tiori Robert Stanton ngeunaan strukturalisme, Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 91) yén konsép dasar nu jadi ciri has tiori struktural téh nyaéta anggapan yén karya sastra mangrupa struktur nu otonom nu ngan bisa dicangkem maksudna tina hiji gemblengan nu diwangun ku unsur-unsur nu ngarojongna.

Wangun karya sastra dibagi jadi tilu nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Objék nu bakal dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta dina novel nu kaasup kana wangun prosa, ieu novel judulna *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati. Eusi carita nu aya dina ieu novél nyaéta ayana hiji sikep wanoja nu mertahankeun éksisténsi diri, pinter, singer jeung sabar dina nampa ujian dina kahirupan dirina, jeung sabar dina nangtukeun pilihan asmarana. Lain dina citra dirina waé tapi diguar ogé citra wanoja dina aspék sosialna, kusabab peran wanoja dina ieu novel mibanda réa pangalaman dina kahirupan sosialna. Dipilihna ieu novel minangka objék panalungtikan diantarana mibanda ragam inspirasi jeung motivasi pikeun nu maca utamana nyaritakeun ngeunaan palaku utama hiji wanoja nu mibanda kalungguhan, nya éta mangrupa salasaurang guru nu meunang *Knowledge Exchange* di Australia, ku kituna

hasil panalungtikan ieu karya sastra dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA.

Karya sastra Novel bisa dijadikeun bahan pangajaran boh éta dina basana boh dina sastrana, utamana saluyu jeung nu aya dina KIKD kurikulum 2013 revisi 2017, nyaéta ayana matéri novel téh di kelas XI. Anapon kompetensi dasarna nyaéta :

11.3.6 Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan novel

11.4.6 Menyajikan hasil analisis novel melalui berbagai media (seperti bagan, cerita bergambar, animasi, dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan).

Dumasar kana éta kompetensi dasar jéntré yén matéri novel dijadikeun bahan ajar di SMA hususna di kelas XI, kikituna novel nu judulna *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati nu ditalungtik ngagunakeun pamarekan strukturalisme jeung pamarekan féminisme pikeun dijadikeun alternatif bahan ajar maca novel di SMA kelas XI.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan Citra Wanoja nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Kaffa Kupita Robby (2020) nu judulna “*Citra Wanoja dina Roman Pondok Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi (*Ulikan Struktural jeung Féminisme*)”, lian ti éta aya panalungtikan nu dilakukeun ku Rifa Nurlaili Rahmah (2020) nu judulna “*Citra Wanoja Sunda dina Novel Kembang-Kembang Anten* karya Aam Amilia (*Ulikan Struktural jeung Féminisme*), aya ogé panalungtikan nu dilakukeun ku Tsany Nurfajriani (2018) nu judulna “*Citra jeung Stéréotip Wanoja Sunda dina Novel Marjanah* karangan S.Djojopuspito (*Ulikan Struktural jeung Féminisme*)”, tuluy aya ogé ngeunaan bandingan novel nu dilakukeun ku Ratna Kumalasari (2018), nu judulna “*Babandingan Citra Wanoja dina Novel Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono jeung Novel Ronggeng Dukuh Paruk karya Ahmad Tohari (*Ulikan Struktural jeung Féminisme*)”, tuluy panalungtikan ngeunaan citra wanoja nu dipatalikeun kana bahan pangajaran nya éta dilakukeun ku Dewinda Asih Nastiti

(2017) nu judulna “*Citra Wanoja dina Lima Carpon karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA Kelas X*”

Dina panalungtikan di luhur, aya sasaruaanana nyaéta dina ulikanana ngagunakeun ulikan struktural jeung féminisme, nu ngabédakeunna nyaéta tina sumber atawa objék panalungtikanana, sumber atawa objék nu digunakeun dina ieu panalungtikan mah nyaéta dina novel nu judulna *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati, nu dipatalikeun pikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA.

Tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh struktur jeung citra wanoja anu nyampak dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah pangaweruh ka nu maca ogé jadi motivasi pikeun kaom wanoja dina mertahankeun hak na salaku wanoja jeung citra nu aya di dirina, nu tuluy ieu sumber atawa objék dijadikeun bahan ajar maca Novel, Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Citra Wanoja dina Novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati Pikeun Bahan Pangajaran Maca novel di SMA (Ulikan Struktural jeung Féminisme)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta :

- a. analisis struktur dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati ngagunakeun pamarekan strukturalisme Robert Stanton;
- b. citra wanoja dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati;
- c. novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati pikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha rumusan masalah dina ieu panalungtikan, dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha struktur carita nu aya dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati?
- b. Kumaha citra wanoja dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati?

- c. Naha novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati cocog dijadikeun alternatif bahan ajar maca novel di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sababaraha tujuan anu kudu dihontal dina ieu panalungtikan di antarana, nyaéta:

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngaguar ngeunaan struktur jeung citra wanoja, ngagunakeun pamarekan féminis idéologis anu aya dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati, nu tuluy dijadikeun bahan ajar maca novel di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun :

- a. ngadéskripsikeun struktur carita nu nyangkaruk dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati;
- b. ngadéskripsikeun citra wanoja dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati;
- c. larapna hasil panalungtikan struktural jeung féminisme pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh utamana ngeunaan citra wanoja dina novel, lian ti éta hasil ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun salah sahiji bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Dina ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat, nya éta :

- a. pikeun panalungtik, ayana pangalaman sarta ngeuyeuban pangaweruh hususna dina citra diri jeung citra sosial minangka wanoja;
- b. pikeun panalungtik kahareupna, bisa jadi référénsi anu bisa dimekarkeun jadi élmu pangaweruh sarta salaku bahan atawa sumber acuan dina panalungtikanana;

- c. pikeun masarakat, dipiharep bisa nambahin wawasan jeung pangaweruh ngeunaan citra wanoja, hususna pikeun wanoja di masarakat;
- d. Pikeun guru, dipiharep bisa jadi bahan ajar dina nepikeun matéri novel di SMA dumasar kana KIKD kurikulum 2013 revisi 2017.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, dijéntrékeun ieu di handap.

BAB 1 eusina bubuka, medar ngeunaan kasang tukang, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II eusina ulikan tiori nu patali jeung bahan panalungtikan, diantara aya tiori novel, tiori strukturalisme, tiori féminisme, tiori citra wanoja, tiori bahan pangajaran maca novel jeung tiori lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Salian ti tiori, di ieu bab ogé dipedar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

BAB III eusina ngeunaan métode panalungtikan, nu ngawengku desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data panalungtikan, instrumén ngumpulkeun jeung ngolah data panalungtikan, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

BAB IV eusina ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan, medar déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan struktural jeung féminis dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati, tur larapna pikeun bahan ajar maca novel di SMA.

BAB V eusina ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi. Nepikeun kacindekan kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta mibanda harepan ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan kahareupna.